



Pou Piblikasyon Imedya: 22/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 15 MILYON DOLA DISPONIB NAN DEZYÈM FAZ
FINANSMAN POU SIPÒTE SÈVIS FOUNISÈ AVOTMAN YO**

***Finansman an pral vize rejyon Eta a yo ki gen plis defi nan bay aksè ak sèvis
avòtman***

Aprann plis Sou dezyèm faz opòtinite finansman an [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a piblikasyon yon Solisitasyon Enterè a pou dezyèm faz Fon Sipò pou Founisè Avòtman (Abortion Provider Support Fund) ki totalize 15 milyon dola, ki pral disponib pou òganizasyon ak founisè yo nan Eta New York pou plis elaji aksè ak sèvis avòtman.

"Mwen pa pral rete bwa kwaze pandan y ap retire dwa fanm yo atravè peyi a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Opòtinite finansman sa a ap bati davantaj sou pwoteksyon dirijan peyi nou an pou pasyan avòtman yo ak travay kontinyèl nou an ak founisè yo pou asire yo gen sipò ak resous yo bezwen pou bay swen. Anba siveyans mwen, New York pral toujou yon pò ki an sekirite pou aksè ak avòtman."

Dezyèm seri finansman an elaji kalifikasyon pou enkli founisè planin familyal ki pa te resevwa finansman pandan premye faz la, lòt founisè swen sante ki gen lisans, ak klinik endepandan yo. Yo pral akòde yon pati enpòtan nan finansman an nan twa rejyon yo - Rejyon Lwès, Southern Tier, ak NYC - ki, dapre kote yo ye, yo espere gen plis defi nan bay aksè a sèvis avòtman kòm rezilta desizyon *Dobbs v. Jackson lan*.

Komisè Sante Eta New York la, Doktè Mary T. Bassett, te deklare, "Akòz lidèchip ak fòs Gouvènè Hochul, finansman pou sipòte founisè avòtman yo ak elaji kapasite yo ap fèt nan New York. Avèk Fon Sipò pou Founisè Avòtman nou an ki koute 25 milyon dola, n ap fè envèstisman imedya bay founisè sèvis avòtman yo nan tout eta a pou elaji kapasite yo, amelyore resous yo, epi optimize enfrastrikti yo."

Aplikasyon yo ka aplike pou omwen 300,000 dola, epi si sa aplikab, jiska 50,000 dola pou chak lokal klinik adisyonèl diferan oswa finansman adisyonèl ki baze sou kantite sèvis yo te bay pandan peryòd 12 mwa anvan an dapre yon orè ki endike nan Solisitasyon Enterè a.

Aprann plis sou opòtinite finansman 2èm faz la [isit la a](#). Aplikasyon yo bout, vandredi 12 out 2022.

Pandan [premye faz la](#), Depatman Sante Eta New York (York State Department of Health, NYSDOH) ap bay 10 milyon dola ak 13 òganizasyon, ki kouvri kounye 63 sit ki finance nan kad Pwogram Planifikasyon Familyal Konplè (Comprehensive Family Planning Program, CFPP) a.

Anplis Fon Sipò pou Founisè Avòtman an, Gouvènè a te mete [10 milyon dola disponib tou pou sant swen sante repwodiksyon yo pou bay aksè nan sibvansyon sekirite yo](#) atravè Divizyon Sèvis Jistis Penal la (Division of Criminal Justice Services) pou ede asire sekirite founisè k ap bay swen vital sa.

Gouvènè Hochul, ansanm ak Doktè Bassett, te lanse tou yon seri tablewon sou swen sante repwodiktif, ki te kòmanse 12 jiyè ak primè premye faz eta a yo, pou diskite sou bezwen ak eksperyans founisè yo ak fason New York ap konfwonte. defi ak pwoteje New York ap konfwonte difikilte yo ak pwoteje aksè apre Roe. aksè apre-Roe

Anplis de sa, touswit apre desizyon Tribinal Siprèm Etazini an pou anile Roe v. Wade la, Gouvènè Hochul te lanse yon [kanpay](#) edikasyon piblik peye, solid, sou plizyè platfòm pou asire konsyatizasyon toupatou ke avòtman rete toujou an sekirite, legal, epi aksesib. Kanpay nan tout eta a gen ladan efò pou anonse sou plizyè platfòm ak yon [nouvo](#) sitwèb, ki bay yon sèl destinasyon pou enfòmasyon sou dwa pou fè avòtman, founisè yo, sipò ak opsyon peman nan New York.

An jeen an, [Gouvènè Hochul te siyen yon pake konplè, sis pwojè lwa](#) ke Lejislati a te adopte pou prezève, pwoteje, ak ranfòse pi plis dwa avòtman pou pasyan ak founisè yo nan New York. Lejislasyon an pran mezi espesifik pou adrese yon varyete enkyetid legal, tankou etablisman yon kòz aksyon pou entèferans ilegal avèk dwa pwoteje ak enklizyon founisè avòtman ak pasyan yo nan Pwogram Konfidansyalite sou Adrès la. Mezi yo tou entèdi tou akizasyon move konduit kont pwofesyonèl swen sante yo paske yo bay sèvis repwodiksyon ak pasyan ki abite nan eta kote sèvis sa yo ilegal epi anpeche konpayi asirans neglijans medikal pran mezi negatif kont yon founisè avòtman ki bay swen legal.

Nan kòmansman mwa sa a, yo [te adopte](#) premye etap pou mete dwa pou avòtman nan Konstitisyon Eta New York la.

###